# Kijan pou w konnen si

Si madanm lan reponn wi pou youn nan kestyon yo, desann jous anba nan premye kare anba kolòn wi a.

NON | WI

1.- Eske w te akouche gen mwens ke sis mwa ,
Eske w bay tibebe tete san anyen lòt?
Epi eske w poko wè peryod w (fleri) depi tibebe sa a fèt?

2. Eske depi dènye fwa w te wè peryod w (fleri), w pat janm an afè avèk mouche w (rapò seksyèel) osaw ak yon lòt gason?

3. Eske w te akouche nan 4 dènye semèn sayo ki fèk pase la a?

4. Eske w te wè peryod w nan 7 dènye jou ki fèk pase la yo?

5. Eske w te ansent epi w pèdi pitit la oswa, eske w te ansent epi w te fè yon avòtman (jete pitit la) ?

6. Eske w fè planing epi eske w fè li ekzakteman jan yo mande w pou fè li?

**NON:**

Madanm nan reponn non pou chak kestyon yo.

Nou pa kapab di madanm nan pa ansent.

Fòk madanm sa a tann peryod li oswa fè yon tès gwosès.

**WI:**

Madanm nan reponn wi pou omwen youn nan kestyon yo.

Madanm sa a pa genyen okenn siy gwosès.

Nou te mèt bay madanm sa a metòd li vle a.